

## Plan Angajman Paran ak Fanmi Lekòl nan Kanton Polk la (PFEP) – 2017-2018

Kanton Polk la genyen 107 lekòl Tit I, ki gen anviwon 60.000 elèv y'ap sèvi atravè pwogram Tit I. Distri lekòl nou an se yon zòn ki gran e ki laj anpil. Akòz lajè zòn nou an e akòz popilasyon diferan ki abite ladann, nou twouve nou devan yon defi pou nou mete opòtinite pou anpil nan fanmi nou yo poutèt kote yo rete epi baryè trasnpò y'ap konfwonte. Gen yon gwo pousantaj elèv ak fanmi nou yo k'ap resevwa sèvis atravè pwogram Migran ak ELL, epi lang nan tou reprezante yon baryè pou yo.

Anplis sondaj sou anbyans paran/lekòl Distri a, yo mezire patisipasyon paran yo atravè prezans yo ak evalyasyon ki fèt nan aktivite Distri yo, nan vizitè ki vini nan sant paran yo e nan Bis Koneksyon Liv la.

Pou tout aktivite k'ap bati kapasite, LEA ak lekòl yo detaye nan Plan Angajman Paran ak Fanmi yo chak aktivite, epi kouman e ki kalite dokiman y'ap konsève; prezans paran yo, avi/envitasyon paran yo, fèy piblisite ak kanè lesan elèv yo epi opòtinite pou paran yo bay opinyon yo atravè sondaj ak evalyasyon yo. Dokimantasyon sa a bay LEA ak lekòl yo opinyon ki soti bò kote paran yo pou ede yo mye planifye aktivite k'ap satisfè bezwen yo, epi l'ap ede yo idantifye e poze pwoblèm baryè ki fè paran yo pa kapab prezans oswa patisipe nan aktivite yo.

LEA fè chak lekòl ranpli yon "Evalyasyon Anyèl Aktivite pou Bati Kapasite pou Pèsonèl la e pou Paran yo". Evalyasyon sa a bay enfòmasyon sou aktivite nan chak lekòl e li evalye konsekans aktivite a genyen sou reyisit elèv yo, ak dokimantasyon sou dat ak lè chak aktivite yo, prezans, baryè (tankou transpò, manje/kolasyon, gadri, tradiksyon) epi kòmantè/sijesyon paran ki patisipe nan chak aktivite yo. Evalyasyon sa a bay detay tou sou kouman lajan yo bay pou Patipasyon Paran yo a mache ak aktivite sa yo.

An tou, sondaj ak evalyasyon paran yo fè konsènan aktivite yo montre gen yon bezwen meye kominikasyon ant lakay la ak lekòl la, plis sipò pou fanmi ki pa rete nan sant vil la epi plis jefò k'ap ankouraje paran yo patisipe nan edikasyon pitit yo. Dapre rezilta sa yo e dapre kontwòl plan angajman paran ak fanmi lekòl yo, gen yon pakèt pwogram ak aktivite ki planifye pou jwenn fason ki pi efikas pou ankouraje rapò ak TOUT fanmi yo epi mete enfòmasyon, zouti, resous ak materyèl pou tout paran yo, nan lide pou yo sipòte pitit yo lakay la nan ede yo satisfè bezwen akademik yo.

### Deklarasyon Misyon

Misyon Biwo Pwogram Edikasyon Federal la se bay direksyon k'ap ankouraje angajman paran ak fanmi yo kòm gwo priyorite distri yo, lekòl yo, fanmi yo, kominote yo ak timoun yo pou ogmante reyisit akademik tout elèv.

### Angajman

### Paran

### yo

- Chak lekòl itilize lajan yo ba yo pou aktivite Angajman Paran ak Fanmi yo pou sipòte aktivite patisipasyon paran yo, jan sa detaye nan Plan Angajman Paran ak Fanmi yo. LEA apwouve davans e li kontwole kouman lajan Angajman Paran ak fanmi lekòl yo itilize an akò avèk plan lekòl yo a. Lajan Angajman Paran ak Fanmi Lekòl la kapab itilize pou kèk nan bagay sa yo: pèsonèl la, sa atelye akademik paran yo koute, poste dokiman, prezantatè oswa enskripsyon pou devlopman pwofesyonèl pèsonèl la ki gen pou wè ak travay avèk plis efikasite ak paran yo, epi materyèl nesèse pou yon sant resous paran nan lekòl kote yo ye a.

- LEA pèmèt yo bay yon Asistan Pwofesè Patipasyon Paran pozisyon pou ede aplike aktivite lekòl yo ki detaye nan Plan Angajman Paran ak Fanmi lekòl yo. LEA mande lekòl yo pou aplike pou pi piti de (2) aktivite/atelye pou bati kapasite ak paran yo epi ki detaye nan Plan Angajman Paran ak Fanmi yo, epi ki mache ak objektif ki fikse nan SIP yo a. Aktivite yo dwe vize yon sijè akademik kle, tranzisyon/gradyasyon, preparasyon pou inivèsite ak lekòl metye, epi satisfè objektif amelyorasyon reyisit elèv yo. De (2) aktivite sa yo dwe ajoute sou Reyinyon Anyèl Paran Tit I yo. Depans pou kèk nan aktivite sa yo kapab genyen ladan yo materyèl, poste dokiman, konsiltan, gadri, transpò, sa pri tradiksyon yo epi alokasyon/salè pwofesè yo ak kolasyon.

- Lajan lekòl yo kapab peye pèsònèl la e/oswa paran yo pou yo vini nan atelye oswa fòmasyon yo nan fè pon ant lakay la ak lekòl la, epi/oswa mwayen pou amelyore travay paran ak lekòl yo ap reyalize ansanm yo. Sa kapab gen ladann frè rezonab, enskripsyon, materyèl e/oswa salè ki admisib pou patisipasyon pèsònèl la. Pou ede lekòl yo poze pwoblèm baryè yo, li admisib pou lekòl yo fè depans responsab pou tradiktè, gadri ak transpò pou aktivite paran yo, si yon lekòl ta renmen genyen yon sal resous paran nan etablisman li, lajan pou sipòte materyèl yo, resous ak ekipman nesèsè pou sal resous la.

### **Asistans Teknik**

- Ojektif la se edike, bay ekipman epi kolabore ak elèv nou yo ak sistèm sipò yo nan ofri yo diferan pwogram, aktivite ak resous pratik e efikas k'ap ede yo fè efè pozitif sou chak moun e sou kominote a. Nan bati kominote aprantisaj paran/fanmi solid, n'ap ogmante reyisit elèv yo nan lekòl nou yo. LEA fikse yon objektif nan separe enfòmasyon ak opinyon ki soti nan aktivite Distri a, nan sondaj e enfòmasyon ak opinyon paran lekòl yo bay.

Jan sa detaye nan Plan Angajman Paran ak Fanmi nou an pandan ane lekòl 2017-2018 la, LEA ap fè plis jefò pou ogmante angajman paran ak fanmi yo nan: ogmante alfabetizasyon nan tout Distri nou an avèk Bis Koneksyon Liv yo, nan lide pou l sèvi elèv ak fanmi yo nan lekòl yo e nan vwazinaj yo, epi ba yo liv gratis ak resous k'ap ankouraje alfabetizasyon lakay paran yo. Y'ap verifye aktivite sa yo atravè yon orè pou pwogram Bis Koneksyon Liv epi fèy enskripsyon ak prezans paran ak elèv ki vizite bis la.

LEA ap bay asistans teknik pou konplete PFEP la. Yo distribye konsèy ekri sou papye bay tout lekòl Tit I yo nan prentan 2017 la nan demach pou konplete PFEP yo. Nan otòn 2017, LEA ap ofri lekòl yo lè asistans teknik, sa ki pral ofri plis asistans teknik pou yo konplete PFEP yo. Lekòl yo ap gen opòtinite pou yo fè kòlèg yo ak pèsònèl Tit I distri a revize PFEP yo, Apre lekòl yo fin soumèt PFEP bay distri a, Kòdonatè Tit I yo ap bay dizon yo epi lekòl yo ap revize e soumèt pwojè final PFEP yo.

- LEA kontwole dokimantasyon tout aktivite Angajman Paran ak Fanmi yo nan divès fason pou rasire l responsab yo fidèl: nan sipò lekòl yo, nan yon sistèm dokimantasyon sou entènèt la, nan aktivite devlopman ak reyinyon pèsònèl lekòl yo e nan fè vizit nan lekòl yo.

Yo itilize yon sistèm dokimantasyon sou entènèt la ki rele eTASK pou kolekte e kontwole si lekòl yo respekte prensip yo. Kòdonatè Lekòl Tit I LEA yo gen aksè pou revize tout dokiman nenpòt ki lè pou fè kontwòl. Kòdonatè Pwogram Tit I yo bay lekòl yo èd e yo kontwole fidelite yo atravè kominikasyon san pran souf, vizit nan lekòl la e nan asiste aktivite lekòl yo ap òganize yo.

Yon lòt fason Distri a kontwole aplikasyon ak fidelite plan lekòl yo ak aktivite Angajman Paran ak Fanmi yo se nan ranmase enfòmasyon nan itilize Swivi Enspeksyon yo fè nan mwa novanm nan. Swivi sa a verifye finisman Pake Kontra lekòl la ak PFEP la (Plan Angajman Paran ak Fanmi yo), kouman yo ranmase opinyon paran yo e kouman Pake Kontra lekòl la distribye, Enfòmasyon sou Dwa Paran yo epi kouman yo bay paran yo enfòmasyon sou Pwogram ak Egzamen Leta yo. Anplis, dat yo, lè yo ak prezans nan Reyinyon Anyèl Paran Tit I yo ak avi sou disponiblite rezilta PFEP, SIP ak SPAR.

- Nan mwa me, LEA ranmase nan chak lekòl Evalyasyon Anyèl aktivite bati kapasite lekòl avèk pèsònèl lekòl yo e paran yo. Aktivite/atelye akademik sa yo ki detaye nan plan lekòl la, bay paran yo enfòmasyon konsènan tranzisyon/gradyasyon yo, preparasyon pou inivèsite ak lekòl metye yo, epi enfòmasyon sou egzamen ak pwogram leta egzijè yo. De (2) aktivite obligatwa sa yo mache ansanm ak Reyinyon Anyèl Paran Tit I yo. Evalyasyon an verifye kalite aktivite a, kouman lekòl yo poze pwoblèm baryè yo tankou gadri, transpò, tradiksyon, etc., kouman lekòl yo avèti paran yo epi ki kantite prezans ki genyen, epi opinyon ki soti nan evalyasyon chak aktivite. LEA kontwole dokimantasyon lekòl yo nan: avi ak envitasyon pou paran yo, nan fèy paraf yo, nan kanè leson yo e nan sondaj e/oswa evalyasyon paran yo bay opinyon yo.

**Kòdinasyon****ak****Entegrasyon**

LEA ap kòdone e entegre estrateji angajman paran ak fanmi nan Tit I, Pati A avèk lòt pwogram federal yo (ki gen ladan yo men se pa sa sèlman: Head Start (Avans), Early Reading First (Aprann Li Bonè Dabò), Paran ak Pwofesè yo, Pwogram Enstriksyon Lakay pou Timoun Preskolè yo (HIPPI), Preskolè Volontè, Tit I, Pati C ak Pati D, Tit III epi Tit IV, Pati A) [Seksyon 1116 (a)(2)(D) ak 1116(e)(4)] jan sa di pi ba a:

*WE3 (Perkins) – Lekòl Piblik nan Kanton Polk la ap prezante pwogram edikasyon wo nivo li yo. Ekspozisyon sa a ap gen anviwon 400 estasyon k'ap montre lekòl tou nèf yo, pwogram ak karyè ki disponib nan tout kanton an, k'ap ofri paran yo ak pitit yo yon mwayen kòrèk pou yo eksplòre pakèt opòtinite edikatif nan Kanton Polk la.*

*Imite Povrete (Tit IX) – LEA konble vid soti nan mal konprann pou ale nan konprann povrete. Imitasyon povrete a se yon eksperyans antre patisipe youn ak lòt pou sansibilize patisipan nan kominote a sou reyalyte povrete a.*

*Head Start/VPK/Prek Tit I – Tranzisyon soti nan PreK pou ale nan Jaden Danfan*

*Migran (Tit I, Pati C) – Bis Koneksyon Liv Tit I yo ale nan Reyinyon Konsèy Paran Migran yo (MPAC) pou bay paran migran yo ak fanmi yo opòtinite pou vizite bis la, patisipe nan divès aktivite epi resevwa yon liv gratis. Anplis, pwofesè Migran yo ak koneksyon lekòl lakay yo ankouraje aktivite ak atelye nan Sant Resous Patisipasyon Paran yo.*

*Tit III – Mete kou pou paran yo asiste pou yo ka pale lang nan.*

**Evalyasyon Anyèl**

*Plan Angajman Paran ak LEA e chak PFEP lekòl yo fikse tout aktivite angajman paran ak fanmi yo planifye pou ane lekòl sa a. LEA ak lekòl yo evalye efikasite aktivite yo atravè koleksyon enfòmasyon ki gen ladan yo: prezans ak fèy paraf yo ak evalyasyon aktivite yo. Anplis, Distri a evalye aktivite yo dapre opinyon paran yo bay nan sondaj paran yo e nan evalyasyon yo ak keksyonè paran yo ranpli yo.*

*LEA kontwole angajman paran ak fanmi lekòl yo e efikasite yo atravè vizit li fè nan lekòl yo, enfòmasyon ak dokiman li ranmase. LEA evalye aktivite lekòl yo, jan sa detaye nan PFEP la, atravè evalyasyon anyèl aktivite yo. Evalyasyon an ki konplete nan fen ane a, gen ladann enfòmasyon sou: prezans ak fèy paraf yo, evalyasyon, sondaj paran Distri a, reyinyon SAC ak/oswa PTA/PTO, bwat sijesyon yo, sit entènèt lekòl yo ak lòt aktivite lekòl la epi reyinyon paran yo. Enfòmasyon yo ranmase nan evalyasyon sa a, se sa yo itilize nan seksyon evalyasyon PFEP la.*

*LEA rasire l tou paran yo patisipe nan planifye demach pou ekri e/oswa revize Pake Kontra ak PFEP lekòl la nan fè lekòl yo verifye kouman yo ofri opòtinite pou paran yo bay opinyon yo, espesyalman pou bagay sa yo epi pou lekòl yo bay prèy yo ranmase opinyon sa yo nan men paran yo. Sa a tou se enfòmasyon yo pran ak modèl PFEP la.*

*LEA kontwole konfòmite lekòl yo konsènan Reyinyon Anyèl Paran Tit I yo nan fè lekòl yo ranpli yon “Rapò Reyinyon Anyèl” nan premye sis (6) semèn lekòl la. Rapò a verifye eske lekòl yo òganize Reyinyon Anyèl Paran Tit I yo epi eske i bay detay sou demach pou avèti paran yo; dat/lè reyinyon yo, prezans ak sèvis yo bay pou simonte baryè ki detaye nan PFEP lekòl yo. LEA mande lekòl yo pou yo bay opòtinite ak enfòmasyon presi pou paran yo sou kouman yo kapab patisipe nan edikasyon pitit yo atravè sit entènèt lekòl yo, Kaye Nòt Enfòmasyon Paran/Fanmi yo epi kòm aktivite ki fè pati PFEP yo. LEA bay enfòmasyon presi lekòl yo dwe mete disponib pou paran yo nan sit entènèt yo e nan kaye nòt ki nan biwo lekòl la. LEA verifye sit entènèt lekòl yo ak “Kaye Nòt Enfòmasyon Paran ak Fanmi” yo ajou pou ane lekòl k'ap dewoule a.*

**Bati****Kapasite**

1. Reyinyon Kontak Angajman Paran ak Fanmi Lekòl la
  - a. Kòdonatè tit I Distri a

b. Bay konsèy sou fòmasyon ak enfòmasyon e sèvis sipò k'ap ogmante relasyon ant paran yo ak lekòl la nan fason enpòtan k'ap amelyore reyisit akademik elèv yo.

c. Otòn 2017, Prentan 2018

d. Evalyasyon/Ajennda

e. Kominikasyon Pwofesè pou Paran: Evidans Eksperimantal ki soti nan yon Prensip Kominikasyon ki pa Chè (Draft, Matthew A.; Rogers, Todd – Society for Research on Educational Effectiveness ((Sosyete pou Rechèch sou Efikasite Edikasyon), 2014) – Rechèch sa a endike lè yo bati kapasite paran yo atravè kominikasyon ak pwofesè yo, yo ogmante deba paran/pitit yo epi sa genyen yon efè pozitif sou reyisit elèv yo.

## 2. Lekòl yo ak Distri a Finance Sant Resous Paran yo

a. Distri yo ak Lekòl yo

b. Mete atelye ak resous pou paran ki lye ak Kritè lekòl Florid yo pou ede ogmante reyisit elèv yo.

c. Ap kontinye

d. Fèy Paraf/Ajennda Atelye/Kalandriye Aktivite/Envantè

e. Depatman Edikasyon Ohio (2016). Egzanp Meyè Pratik pou Patisipasyon Paran yo nan Lekòl yo. Enfòmasyon an soti nan <http://education.ohio.gov/Topics/Other-Resources/Family-and-Community-Engagement/Getting-Parents-Involved/Sample-Best-Practices-for-Parent-Involvement-in-Sc>. Rechèch konfimen patisipasyon paran ak fanmi yo nan edikasyon pitit yo enpòtan anpil pou siksè akademik elèv yo.

## 3. Entrenè Enstriksyon

a. Entrenè Enstriksyon nan Distri a ak nan Lekòl la

b. Analize enfòmasyon elèv yo pou planifye aktivite Angajman Paran ak Fanmi efikas pou sipòte reyisit elèv yo

c. Ap kontinye

d. Fèy Paraf Paran/Evalyasyon/Ajennda/Sondaj

e. Mapp, K. L. 2012. "Modèl Bati Kapasite Angajman Fanmi (Draft)." Washington DC: Depatman Edikasyon Etazini, Biwo Renouvle e Amelyore. Fòm Dokiman Pòtab (PDF) disponib nan: [http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family-Engagement\\_DRAFT\\_Framework.pdf](http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family-Engagement_DRAFT_Framework.pdf).

## 4. Sware Tranzisyon – Jaden Danfan/Klas Entèmedyè/Segondè/Inivèsite ak Lekòl Metye

a. Kontak Angajman Paran ak fanmi Lekòl la/Oryuantatè/Administrasyon/Antrenè Siksè Elèv yo

b. Paran yo ap jwenn enfòmasyon sou opòtinite ki genyen konsènan inivèsite ak lekòl karyè pou pitit yo epi sou demach pou yo jwenn èd finansye epi pou yo fè yon tranzisyon san difikilte soti nan yon kategori klas pou ale nan pwochen an.

c. Ap kontinye

d. Fèy Paraf Paran/Evalyasyon/Ajennda/Sondaj

e. Inivèsite—Nou Vle Antre!

Probst, Carolyn; O'Hara, Dennis P. – Jounal pou Direksyon e Enstriksyon, 2015

Angaje elèv ak fanmi yo bonè e souvan epi itilize yon estrateji san rete pèmèt pwofesè lekòl yo konble eka aspirasyon yo, konsa kreye epi soutni yon kilti antre nan inivèsite pou tout elèv.

## 5. Rankont Paran Efikas

a. Kòdonatè Tit I Distri a yo/Administrasyon/Kontak Angajman Paran ak Fanmi Lekòl yo

b. Ede paran yo konnen nivo reyisit pitit yo e kouman pou ede yo ogmante konpetans pitit yo.

c. Ap kontinye

d. Fèy Paraf Paran/Evalyasyon/Ajennda/Sondaj

e. Mapp, K. L. 2012. "Modèl Bati Kapasite Angajman Fanmi (Draft)." Washington DC: Depatman Edikasyon Etazini, Biwo Renouvle ak Amelyore. Fòm Dokiman Pòtab (PDF) disponib nan: [http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family-Engagement\\_DRAFT\\_Framework.pdf](http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family-Engagement_DRAFT_Framework.pdf).

## 6. Konpilasyon Rezilta Sondaj Anbyas Paran yo

a. Distri a ak Lekòl yo

b. Rezilta yo itilize pou pase men nan SIP, pwogram Tit I e nan PFEP nan etablisman lekòl yo pou mye satisfè bezwen paran yo ak pitit yo nan fason enpòtan k'ap amelyore reyisit akademik elèv yo.

c. Prentan

d. Rezilta Sondaj yo

e. Eksplore Anbyans Lekòl la—Koneksyon Revisit Elèv yo: Ki Fè Sans Pou ki sa Premye a vin apre Dezyèm nan.

Jones, Albert; Shindler, John – Direksyon Edikasyon ak Administrasyon: Anseye e Devlope Pwogram, 2016  
Objektif etid sa a se eksplore rapò revisit akademik elèv e divès bagay nan domèn anbyans lekòl la, epi egzaminen ki sa e ki viktim rapò sa a kapab trennen dèyè li kòm konsekans.

## **Fòmasyon**

## **Pèsonèl**

## **la**

### *1. Reyinyon Kontak Rantre Lekòl Tit I*

a. Directè Prensipal Pwogram federal yo, Kòdonatè Tit I yo

b. Revize ESSA, règleman Tit I yo epi eksplikasyon pwogram Tit I yo, Pati A

c. Out 2017

d. Evalyasyon SIP, PFEP

e. Entèkansyon Direksyon Lekòl la anba banyè Lwa Konsènan Siksè Chak Timoun nan: Revizyon Evidans. Renouvle e Elaji. Rezilta rechèch RR-1550-1-WF

Herman, Rebecca; Gates, Susan M.; Arifkhanova, Aziza; Bega, Andriy; Chavez-Herrerias, Emilio R.; Han, Eugene; Harris, Mark; Tamargo, Jennifer; Wrabel, Stephani – RAND Corporation, 2016

Rapò sa a detaye opòtinite pou sipòte direksyon lekòl la anba banyè ESSA, debat kritè evidans lan anba banyè ESSA, epi reyini baz rechèch la selon kritè sa yo.

### *2. Antre Tit I nan lòt pwogram federal*

a. Directè Prensipal Pwogram federal yo, Kòdonatè Tit I yo

b. Rasire lekòl yo mete pèsonèl ki gen enfòmasyon ak devlopman pwofesyonèl nan kote ki gen feblès yo.

c. Ap kontinye

d. Ogmante revisit nan nòt lekòl yo e/osa nan nòt egzamen ofisyèl elèv yo

e. Entèkansyon Direksyon Lekòl la anba banyè Lwa Konsènan Siksè Chak Timoun nan: Revizyon Evidans. Renouvle e Elaji. Rezilta rechèch RR-1550-1-WF

Herman, Rebecca; Gates, Susan M.; Arifkhanova, Aziza; Bega, Andriy; Chavez-Herrerias, Emilio R.; Han, Eugene; Harris, Mark; Tamargo, Jennifer; Wrabel, Stephani – RAND Corporation, 2016

Rapò sa a detaye opòtinite pou sipòte direksyon lekòl la anba banyè ESSA, debat kritè evidans lan anba banyè ESSA, epi reyini baz rechèch la selon kritè sa yo.

### *3. Reyinyon Bidjè*

a. Directè Prensipal Pwogram federal yo, Kòdonatè Tit I yo

b. Pou ede direktè yo planifye e aplike aktivite angajman paran ak fanmi epi devlopman pwofesyonèl efikas, epi rasire tout depans yo fèt pou amelyore revisit akademik.

c. Prentan 2018

d. Evalyasyon, Plan SIP Lekòl yo

e. Entèkansyon Direksyon Lekòl la anba banyè Lwa Konsènan Siksè Chak Timoun nan: Revizyon Evidans. Renouvle e Elaji. Rezilta rechèch RR-1550-1-WF

Herman, Rebecca; Gates, Susan M.; Arifkhanova, Aziza; Bega, Andriy; Chavez-Herrerias, Emilio R.; Han, Eugene; Harris, Mark; Tamargo, Jennifer; Wrabel, Stephani – RAND Corporation, 2016

Rapò sa a detaye opòtinite pou sipòte direksyon lekòl la anba banyè ESSA, debat kritè evidans lan anba banyè ESSA, epi reyini baz rechèch la selon kritè sa yo.

### *4. Rankont Paran Efikas*

a. Kòdonatè Tit I yo, Administrasyon an, kontak Angajman Paran ak Fanmi lekòl yo

b. Bay paran ak fanmi yo enfòmasyon sou to revisit pitit yo epi bay o estrateji sou kouman pou yo ede pitit yo ogmante nivo konpetans yo.

c. Ap kontinye

d. Lis Rankont yo, Evalyasyon

e. Mapp, K. L. 2012. "Modèl Bati Kapasite Angajman Fanmi (Draft)." Washington DC: Depatman Edikasyon Etazini, Biwo Renouvle ak Amelyore. Fòm Dokiman Pòtab (PDF) disponib nan: [http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family\\_Engagement\\_DRAFT\\_Framework.pdf](http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family_Engagement_DRAFT_Framework.pdf)

5. *Reyinyon Angajman Paran ak Fanmi Lekòl yo*

- a. Kòdonatè Tit I yo
- b. Mete asistans teknik pou verifye gen konfòmite nan patisipasyon paran yo
- c. Out 2017 ak janvyè 2018
- d. Ajennda, Fèy Paraf yo

e. Mapp, K. L. 2012. "Modèl Bati Kapasite Angajman Fanmi (Draft)." Washington DC: Depatman Edikasyon Etazini, Biwo Renouvle ak Amelyore. Fòm Dokiman Pòtab (PDF) disponib nan: [http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family\\_Engagement\\_DRAFT\\_Framework.pdf](http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family_Engagement_DRAFT_Framework.pdf)

6. *Oryantatè PFEP/Reyinyon Revizyon yo*

- a. Kòdonatè Tit I yo
  - b. Bay lekòl yo opinyonm sou planifikasyon aktivite bati kapasite efikas pou paran yo ak pèsònèl la, epi mete asistans teknik pou revize PFEP yo
  - c. Ap kontinye
  - d. Fèy Paraf, Lis Kategori PFEP
- e. Mapp, K. L. 2012. "Modèl Bati Kapasite Angajman Fanmi (Draft)." Washington DC: Depatman Edikasyon Etazini, Biwo Renouvle ak Amelyore. Fòm Dokiman Pòtab (PDF) disponib nan: [http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family\\_Engagement\\_DRAFT\\_Framework.pdf](http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family_Engagement_DRAFT_Framework.pdf)

**Kominikasyon**

**ak**

**Bay**

**Aksè**

*Yo rezime nan yon bwochi Plan Angajman Paran ak Fanmi Distri a (PFEP) ki disponib nan lang Angle, Espanyòl ak Kreyòl Ayisien. Yo itilize rezilta Sondaj sou Lang ki Pale Lakay la pou decide ki kantite tradiktè yo bezwen pou distribye nan tout fanmi lekòl Tit I yo. Rezime plan distri sa a distribye bay tout paran Tit I yo nan dat 3 oktòb 2017. Tout Plan Angajman Paran ak Fanmi Distri Tit I an ap afiche nan sit entènèt Distri a ki se ([www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net)), e yo mete ralonj chak sit entènèt lekòl yo ak kopi yo nan kaye nòt Angajman Paran ak Fanmi yo ki twouve l nan biwo lekòl yo nan dat 1e novanm 2017. Bwochi Distri a gen ladann enfòmasyon pou paran yo konsènan lwa Tit I yo, fason paran yo kapab patisipe, enfòmasyon sou kòdinasyon ak lòt pwogram federal yo, pwogram Preskolè Tit I yo, lekòl Tit I y'ap sèvi yo (ki gen ladan yo lekòl prive), sant resous paran yo epi enfòmasyon sou kouman paran yo kapab patisipe nan edikasyon pitit yo.*

**Aktivite**

**Ochwa**

1. *Fè depans rezonab e nesèsè nan aktivite patisipasyon paran yo, tankou nan transpò ak sèvis gadri, pou ede paran yo patisipe nan reyinyon ak sesyon fòmasyon lekòl la.*

- a. Yo kapab bay kolasyon, transpò, tradiksyon ak gadri nan lajan Tit I yo
- b. Direktè yo ak kontak Angajman Paran ak fanmi lekòl la
- c. Lekòl yo distribye evalyasyon yo bay paran yo ak fanmi yo nan finisman chak aktivite. Prèk evalyasyon sa a yo antre nan sistèm sit entènèt distri a ki rele eTask epi Kòdonatè Tit I yo revize yo.
- d. Ap kontinye
- e. Idantifye Baryè yo: Kreye Solisyon k'ap Amelyore Aktivite Angajman Fanmi yo  
Baker, Timberly L.; Wise, Jillian; Kelley, Gwendolyn; Skiba, Russell J. School Community Journal, v26 n2 p161-184 2016  
Etid sa a rekadre keksyon patisipasyon paran yo ki soti nan (yo prezan nan etablisman lekòl la) pou ale nan keksyon angajman paran yo (gade divès pratik sou kouman paran yo ap patisipe), pandan y'ap chache solisyon pou paran yo y'ap poze pwoblèm baryè yo idantifye tankou opsyon lè ki bon pou yo, lòt timoun ki gen nan fanmi yo (gadri), epi aktivite lekòl yo òganize nan apre midi (yo bay manje).

2. *Ogmante patisipasyon paran yo nan edikasyon pitit yo nan planifye reyinyon avèk yo lekòl la nan lè diferan, oswa òganize rankont lakay paran yo ant pwofesè oswa lòt edikatè k'ap travay dirèkteman ak timoun yo, avèk paran ki pa kapab vini nan rankont lekòl la.*

- a. Lè Reyinyon ki Bon pou tout moun

- b. Direktè a, Kontak Angajman Paran ak Fanmi yo ak ekip lekòl la
  - c. Lekòl yo distribye evalyasyon bay paran yo ak fanmi yo nan finisman chak aktivite. Prè evalyasyon sa a yo antre nan sistèm sit entènèt distri a ki rele eTask epi Kòdonatè Tit I yo revize yo.
  - d. Ap kontinye
  - e. Idantifye Baryè yo: Kreye Solisyon k'ap Amelyore Aktivite Angajman Fanmi yo  
Baker, Timberly L.; Wise, Jillian; Kelley, Gwendolyn; Skiba, Russell J. School Community Journal, v26 n2 p161-184 2016
- Etid sa a rekadre keksyon patisipasyon paran yo ki soti nan (yo prezan nan etablisman lekòl la) pou ale nan keksyon angajman paran yo (gade divès pratik sou kouman paran yo ap patisipe), pandan y'ap chache solisyon pou paran yo y'ap poze pwoblèm baryè yo idantifye tankou opsyon lè ki bon pou yo, lòt timoun ki gen nan fanmi yo (gadri), epi aktivite lekòl yo òganize nan apre midi (yo bay manje).

### Evaluation of the Previous Year's Parental Involvement Plan

Rezime	Bati	Kapasite
<b>1. Inivèsite Paran yo</b>		
a. 1		
b. 370		
c. Objektif Inivèsite Paran yo nan Polk la se ogmante patisipasyon paran yo nan lekòl yo e ba yo mwayen pou yo elve timoun k'ap gen siksè lekòl la ak nan lavi a. Inivèsite Paran an se yon kolaborasyon ak ajans kominotè yo e ak òganizasyon yo pou ofri kou gratis ak aktivite fanmi k'ap ba yo ekipman ak nouvo oswa plis talan, konesans ak resous k'ap angaje paran yo nan kolaborasyon pou aprantisaj nouvo e enpòtan.		
<b>2. Aktivite Sant Resous Patisipasyon Paran yo– Èd nan Devwa yo</b>		
a. 44		
b. 800		
c. Ojektif la se edike, bay ekipman epi kolabore ak elèv nou yo ak sistèm sipò yo nan ofri yo yon divès kalite pwogram ak resous k'ap ede yo fè efè pozitif sou chak moun e sou kominote a. Nan bati kominote aprantisaj paran-kominote moun k'ap aprann ki solid, n'ap ogmante reyisit elèv yo nan lekòl nou yo.		
<b>3. Aktivite Sant Resous Patisipasyon Paran yo– Jwèt/Sware Aktivite Manyèl</b>		
a. 23		
b. 454		
c. Ojektif la se edike, bay ekipman epi kolabore ak elèv nou yo ak sistèm sipò yo nan ofri yo yon divès kalite pwogram ak resous k'ap ede yo fè efè pozitif sou chak moun e sou kominote a. Nan bati kominote aprantisaj paran-kominote moun k'ap aprann ki solid, n'ap ogmante reyisit elèv yo nan lekòl nou yo.		
<b>4. Aktivite Sant Resous Patisipasyon Paran yo – Kafè ak Konvèsasyon</b>		
a. 35		
b. 147		
c. Ojektif la se edike, bay ekipman epi kolabore ak elèv nou yo ak sistèm sipò yo nan ofri yo yon divès kalite pwogram ak resous k'ap ede yo fè efè pozitif sou chak moun e sou kominote a. Nan bati kominote aprantisaj paran-kominote moun k'ap aprann ki solid, n'ap ogmante reyisit elèv yo nan lekòl nou yo.		
<b>5. Aktivite Sant Resous Patisipasyon paran yo – Alfabetizasyon Finansyè</b>		
a. 14		
b. 73		

c. Ojektif la se edike, bay ekipman epi kolabore ak elèv nou yo ak sistèm sipò yo nan ofri yo yon divès kalite pwogram ak resous k'ap ede yo fè efè pozitif sou chak moun e sou kominote a. Nan bati kominote aprantisaj paran-kominote moun k'ap aprann ki solid, n'ap ogmante reyisit elèv yo nan lekòl nou yo.

**6. Aktivite Sant Resous Patisipasyon Paran yo– Rosetta Stone/Kou Konvèsasyon Angle avèk ESOL**

a. 171

b. 866

c. Ojektif la se edike, bay ekipman epi kolabore ak elèv nou yo ak sistèm sipò yo nan ofri yo yon divès kalite pwogram ak resous k'ap ede yo fè efè pozitif sou chak moun e sou kominote a. Nan bati kominote aprantisaj paran-kominote moun k'ap aprann ki solid, n'ap ogmante reyisit elèv yo nan lekòl nou yo.

**7. Aktivite Sant Resous Patisipasyon Paran yo – Nitrisyon/Fè Manje/Manje**

a. 22

b. 127

c. Ojektif la se edike, bay ekipman epi kolabore ak elèv nou yo ak sistèm sipò yo nan ofri yo yon divès kalite pwogram ak resous k'ap ede yo fè efè pozitif sou chak moun e sou kominote a. Nan bati kominote aprantisaj paran-kominote moun k'ap aprann ki solid, n'ap ogmante reyisit elèv yo nan lekòl nou yo.

**Resime Fòmasyon pèsònèl la**

**1. Reyinyon Direktè a sou Rantre Lekòl la**

a. 1

b. 78

c. Yo bay direktè yo enfòmasyon tou nèf sou lwa Tit I e sou ki sa y'ap mande pou verifye konfòmite yo.

**2. Reyinyon Kontak Tit I nan Mitan Ane a**

a. 1

b. 88

c. Yo bay kontak Tit I yo devlopman pwofesyonèl sou kouman pou yo planifye aktivite yo avèk efikasite pou bati kapasite ak paran yo.

**Rezime**

**Lekòl**

**Prive**

A. Paran yo patisipe nan divès atelye paran ki gen ladan yo estrateji siksè nan lekti e nan matematik, konsèy sou kouman pou elèv yo konpoze e sou kouman pou evite pèt nan aksidan pou sezon lete a.

B. Kantite Patisipan - 51 patisipan

C. Lekòl k'ap Patisipe yo - 19 lekòl patisipe nan divès aktivite

D. Efè ki Prevwa sou Reyisit Elèv yo

Ojektif la se edike, bay ekipman epi kolabore ak elèv nou yo ak sistèm sipò yo nan ofri yo yon divès kalite pwogram ak resous k'ap ede yo fè efè pozitif sou chak moun e sou kominote a. Nan bati kominote aprantisaj paran-kominote moun k'ap aprann ki solid, n'ap ogmante reyisit elèv yo nan lekòl nou yo.

**Baryè**

**(LEA**

**Metè**

**Nouvo**

**Plan):**

*Lokal Reyinyon Paran yo (moun ki pa gen mwayen ekonomik) - LEA òganize Reyinyon Paran nan Distri a nan diferant zòn rejyonal nan Kanton nou an. LEA ankouraje lekòl yo tou pou yo òganize aktivite paran nan kominote a nan lide pou envite kominote a vin patisipe. LEA ankouraje lekòl yo tou pou yo kolabore ak lekòl k'ap bay yo pou ankouraje prezans paran yo nan reyinyon pou pitit yo ki gen frè/sè yo nan lekòl sa a.*



*Tradiksyon (pou moun ki pa pale anpil Angle)- LEA ankouraje lekòl yo pou yo mete materyèl pou paran yo nan lòt lang e pou yo travay ak depatman ESOL pou yo jwenn kopi materyèl pou paran yo. Yo ankouraje lekòl yo pou yo pran tradiktè pou reyinyon yo.*

*Transpò (moun ki pa gen mwayen ekonomik, enfim) - LEA ap travay ak lekòl la pou mete sèvis transpò pou paran yo. LEA ap kolabore ak sistèm bis nan vil la e lekòl yo kapab pwofite pran lese pase pou elèv yo ak fanmi yo lè sa aplikab. LEA ankouraje lekòl yo tou pou yo òganize aktivite nan vwazinaj la ak nan kominote a pou ede ak keksyon transpò a.*

*Kantite Limite Sant Paran (tout) - LEA gen senk sant resous paran nan rejyon an k'ap sèvi fanmi nan distri lekòl nou yo, sant yo ouvè nan lè ki bon pou adapte paran yo ak orè travay yo. Yo mete nan sant yo asistan pwofesè bileng a plen tan. Yo mete materyèl ak enfòmasyon nan divès lang e pou diferant nivo klas nan sant yo. Men, menm ak senk sant paran, Distri a toujou pa kapab rive touche tout paran yo akòz distri nou an kouvri anpil espas.*

*Òf Limite Inivèsite Paran yo (tout) – LEA ap kòdone avèk lòt pwogram federal pou ofri paran yo sèvis ak resous e li òganize yon aktivite nan prentan 2017 la. LEA ap kontinye kolabore ak ajans kominotè yo e ak òganizasyon yo pou ofri paran yo sèvis ak resous nan diferant modèl ki pa menm ak Inivèsite Paran yo.*

## **Meyè**

## **Pratik**

*1. Kominikasyon Efikas- Chak Lekòl Tit I nan Distri a gen yon sit entènèt ak yon Kaye Nòt Angajman Paran ak Fanmi ki twouve yo nan biwo lekòl la ki gen enfòmasyon sa a yo: PFEP ak rezime Lekòl al e Distri a, pake kontra lekòl la ak paran yo, lèt sou dwa paran yo pou yo gen enfòmasyon, lis pèsònèl lekòl la ki kalifikasyon siperyè yo, enfòmasyon sou done elèv yo ak egzamen yo, SIP ak lòt enfòmasyon enpòtan pou paran yo.*

*2. Kominikasyon Efikas- LEA bay chak lekòl yon vèsyon elektwonik Manyèl Eksplikasyon Tit I an. Yo mete manyèl eksplikasyon sa a sou entènèt la pou lekòl yo. LEA prepare Manyèl Eksplikasyon an fasil pou moun itilize kote y'ap jwenn enfòmasyon sou Lwa Tit I ladann, konfòmite ak kouman pou yo verifye konfòmite reyinyon yo.*

*3. Ogmante Patisipasyon Paran yo- Bis Koneksyon Liv la se yon bis mobil yo transfòme an yon bibliyotèk mobil. Bis la genyen iPad, òdinatè, moman istwa avèk tablèt Kindles pou elèv yo ak paran yo. Bis la fè vizit chak semèn nan chak nan senk (5) sant paran nan rejyon an e li kanpe tou nan vwazinaj yo nan apre midi. Elèv ki vizite bis la resevwa yon liv gratis.*

*4. Bati Kapasite- Depatman ESOL la mete atelye gratis pou paran ki pa pale Angle yo. Atelye sa yo fèt nan chak nan senk (5) sant resous paran nan rejyon an.*

*5. Preparasyon ENPO Gratis pou Paran yo- Florida Polk Prosperity Partnership (Kolaborasyon Pwosperite Kanton Polk la nan Florid) United Way nan Sant Florid la bay paran yo sèvis preparasyon enpo gratis nan chak Sant Resous Enfòmasyon Paran Tit I yo.*

*6. Bati Kapasite Paran yo- Senk sant paran nan rejyon an kote yo chak genyen yon pèsònèl bileng, plis pase 3 òdinatè pou paran yo itilize, tablèt kindles, materyèl ak resous enfòmasyon gratis, materyèl pou paran yo prete pou ede pitit yo lakay yo nan aktivite lekòl yo.*

*7. Bati Kapasite Paran yo- LEA ap kolabore ak “United Way/Catholic Charities” pou bay gadmanje mobil AGAPE pou vizite sant paran yo de (2) fwa nan ane a. Gadmanje mobil la bay episri (pwovizyon) pou plis pase 250 fanmi.*

*8. Kominikasyon Efikas- Sit entènèt la gen enfòmasyon sou senk sant resous paran nou yo. Sit entènèt la gen yon ralonj pou Sistèm Bibliyotèk nou an sou entènèt la ki rele Destiny, epi paran yo kapab jwenn materyèl ak bagay ki disponib pou yo prete.*

9. *Bati Kapasite Paran yo- Chak mwa, sant paran yo ofri yo oubyen sware jwèt fanmi oswa sware aktivite manyèl. Se yon opòtinite pou fanmi yo vizite sant lane pi patisipe nan aktivite amizan pandan y'ap pase tan ansanm.*

10. *Bati Kapasite Paran yo- Sant resous paran yo ofri yo kafe ak konvèsasyon chak premye ak twazyèm vandredi nan mwa a. Se yon opòtinite pou paran yo konekte youn ak lòt pandan y'ap amize yo nan pran yon tas kafe ansanm e pandan y'ap eksplòre yon sijè konvèsasyon ki gen rapò ak lekòl la.*

11. *Bati Kapasite Paran yo- Sant resous paran yo ba yo kou sou nitrisyon, jan pou yo manje sen ak sou itilizasyon kupon lè y'ap achte.*

12. *Bati Kapasite Paran yo- Sant paran yo kolabore ak ajans komonotè yo pou ofri fanmi yo kou sou entelijans nan keksyon lajan.*

13. *Bati Kapasite Paran yo – Sant resous paran yo bay paran yo talan pou yo ka jwenn travay, tankou atelye entèvyou ak zouti pou yo ekri papyè kalifikasyon yo.*

14. *Ogmante Patisipasyon Paran yo- sware jwèt ak aktivite manyèl chak mwa nan sant resous paran yo.*

15. *Bati Kapasite Lekòl yo- Kòdonatè patisipasyon paran LEA a pataje ak lekòl yo estrateji meyè pratik ak estrateji ki chita sou evidans pou ede lekòl yo bati kapasite pou travay avèk plis efikasite ak paran yo.*